



Pou Piblikasyon Imedya: 29/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OFISYE ETA NEW YORK ROBERT STAWICKI KÒM BENEFISYÈ MEDAY VALÈ OFISYE LAPOLIS ETA A

Ofisye Stawicki resevwa pi gwo onè Eta New York pou aktivite dezenterese li ak kouraj li

Gouvènè adjwen an Antonio Delgado prezante prim lan nan non Gouvènè Hochul pandan yon seremoni nan Syracuse

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Ofisye Eta New York Robert P. Stawicki se moun k ap resevwa Meday Valè Ofisye Lapolis Eta a paske li te demontre kouraj eksepsyonèl ak bravou lè li te kouri nan yon dife ki t ap fè ravaj nan kay nan Granby, Konte Oswego, pou sove yon ti gason 13 ane. Lè yo rive sou sèn nan ak Ofisye Alec R. Nelson, li kouri nan direksyon kay la epi li te wè timoun nan tonbe ak san konesans sou planche a andedan. San ezite, Ofisye Stawicki te kouri nan gwo flanm dife yo, te pran timoun nan rale l an sekirite, epi li te bay premye swen ak fè reanimasyon. Ti gason an te vivan lè li te rive nan lopital la men nan pita li te mouri akòz blesi li yo.

"San okenn pyès sekirite kont dife, Ofisye Stawicki te kouri nan direksyon yon lanfè ki ka touye moun pou sove lavi pitit yon etranje," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan yon sityasyon trajik fatal, Ofisye Stawicki te mete lavi timoun nan anvan pwòp tèt li, fè absoliman tout sa li te kapab pou goumen pou lavi timoun sa a. Kouraj /aksyon li jou sa a te montre imilite, epi li vrèman merite rekonesans, remèsiman, ak pi gwo onè mwen ka bay yon ofisye lapolis nan eta sa a."

"Ofisye Stawicki te montre aksyon ekstrawòdinè nan kouraj ak dezenteresman, ki reprezante pi bon ensten yo ak aksyon pèsonèl lapolis nou an," **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Mwen felisite l pou sèvis li, sakrifis li, ak devouman li bay Nouyòkè yo, nan reponn apèl la nan jou ki pi nwa yo. Jodi a nou onore Ofisye Stawicki ak angajman li anvè lòt moun."

Gouvènè Adjwen Delgado te prezante Meday Vaè l'Ofisye Lapolis la, ke yo rele tou prim Ofisye Lapolis Gouvènè a pou Ane a, bay Ofisye Stawicki nan non Gouvènè Hochul pandan yon seremoni maten an nan kanpis Syracuse SUNY Oswego. Manm fanmi Ofisye Stawicki ak kamarad lapolis li yo te rejwenn li nan seremoni an, ansanm ak ofisyèl eli lokal ak eta yo ak pwofesyonèl fòs de lòd nan rejyon an.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Rapidite refleksyon ak aksyon ofisye lapolis Stawicki ak aksyon rapid an fas a gwo danje te montre yon kouraj eksepsyonèl. Mwen onore pou m rekonèt li pou sèvis dezenterese li, ki se yon refleksyon pi bon kalite kominote fòs de lòd New York la. Mwen remèsye li, kamarad ofisye li yo, ak ofisye lapolis atravè eta a pou travay yo fè chak jou pou ede kenbe kominote nou yo an sekirite."

Sirentandan Pwovizwa Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Jodi a, nou komemore zak vanyan Ofisye Stawicki ak efò ewoyik li nan dat 15 desanm 2021. Di sitiyasyon an te danjere se yon fason modès pou nou mete l. Malgre nenpòt risk pèsònèl, Ofisye Stawicki te demontre fòs ekstrawòdinè ak dezenterese nan tantativ pou sove lavi yon timoun. Mwen eksprime rekonesans sensè mwen ak konpliman pou Ofisye Stawicki pou sèvis eksepsyonèl li ak pèfòmans eksepsyonèl devwa li anvè sitwayen New York yo."

Yo te asiye Ofisye Stawicki, 26, nan Twoup D/Fulton depi li te rantre nan Lapolis Eta a nan mwa septanm 2019. Pou aktivite sekou yo te rekonèt li a, li te rive nan maten byen bonè nan dat 15 desanm 2021. Ofisye Stawicki se 11yèm manm nan Polis Eta a ki resevwa Meday Valè/Prim Ofisye Lapolis Gouvènè a pou Ane a. Li te resevwa tou prim Brummer, ki se pi gwo prim Lapolis Eta New York la pou ewoyis, pou aksyon li te fè jou sa a.

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) la kowòdone travay komite seleksyon Prim Ofisye Lapolis pou Ane a, kote manm li yo reprezante ajans fòs de lòd yo ak lidè sendika lapolis la. Kat lòt depatman lapolis yo te nonmen yon total uit moun pou prim 2021 an. [Tout moun yo nonmen yo resevwa yon Sètifika Valè Eksepsyonèl](#) nan men Gouvènè Hochul.

Depi li te kreye an 1984, Meday Valè/Prim Ofisye Lapolis Gouvènè a pou Ane a te ale jwenn [123 ofisye ki soti nan 21 ajans diferan](#). Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la pral rekonèt benefisyè prim 2022 a prentan sa a.

Enfòmasyon sou Divizyon Sèvis Jistis Penal la

[Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta New York la](#) se yon ajans sipò pou jistis penal ki gen plizyè fonksyon epi ki gen divès responsabilite, ki genyen ladan yo fòmasyon pou fòs lòd yo; koleksyon ak analiz done krim atravè tout eta a; konsèvasyon dosye enfòmasyon istwa kriminèl ak anprent yo; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a, nan patenarya avèk Lapolis Eta New York la; finansman ak sipèvizyon pwogram libète kondisyonèl ak pwogram koreksyon kominotè yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; sipò pou ajans ki gen rapò ak jistis penal toupatou atravè eta yo; ak jesyon Rejis Agresè Seksyèl eta a (State's Sex Offender Registry). Swiv ajans lan sou [Twitter](#), [Facebook](#) ak [Instagram](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)